



# SENDIKA OUVRIYE TEKSTIL AK ABIMAN (SOTA-BO)

BLVD Toussaint Louverture/1, Imp Templier - [sindicatsota@gmail.com](mailto:sindicatsota@gmail.com) 3786 4038

Pòtoprens jou ki 30 janvyè 2015

## Nòt pou laprès


Komite Ekzekitif (SOTA-BO) Sendika Ouvriye Tekstil ak Abiman-Batay Ouvriye denonse ak tout fòs li tantativ asasina ki fèt sou kamarad nou Yannick Etienne nan Sonapi jou ki te 30 janvyè 2015 lan. Tantativ sa a rive aprè li te fin patisipe nan yon rankont ak direksyon antrepriz MULTIWEAR S.A sou dosye aryere salè pou ouvriye yo touché daprè akò ki te siyen ak patwon a, kote yon seri neg ki ame ki te genyen tounavis, wòch ak sizo ki reklame tèt yo de yon òganizasyon ki rele ROHAM ki afilye ak CNOHA ki gen nan tèt yo kòm kòmanditè Dominique ST ELOI.

Men chèf kòmando operasyon asasinay sa a se Elmerome Bresier, Julien Frenel, Daniel ensikoni ansanm ak plizyè lòt ke nou pa rive idantifye (men ki ap travay nan izin la), ki te agrese vèbalman ak fizikman kanmarad nou an, nan menase l, dechire 3 kawotchou machin li ak kout sizo epi frape machin li ak wòch nan men yo. Kalite zak malonèt sa yo fèt sou kamarad la apre yon kanpay dimafamasyon CNOHA ak ROHAM fè kont nou menm nan SOTA-BO kote y ap bay ouvriye yo manti sou yon koze 114 milyon dola ameriken ke yo voye pou ouvriye nan MULTI WEAR. Kòm se nou menm ki te nan negosyasyon yo epi ki te siyen akò ak Multiwear a, nou te toujou demanti yo epi montre ouvriye yo, ke yo se yon bann magouyè ak abolotcho k ap sèvi ak koze 114 milyon dola a pou rale yo nan fè nwa. Se pa defann y ap defann enterè yo vre nan ba yo manti.


Kidonk fas a tantativ asasinay lach ke atoufè sa yo te fè sou kanmarad nou an nou mande pou MAST pran sanksyon kont swadizan dirijan sendika sa yo ki konprann se bowòm yo ye, yo ka fè sa yo vle nan non libète sendikal la. Kalite atoufè sa yo pa dwe ap mache sou moun kòm dirijan sendika. Tout sa yo fè yo se de deli grav ke atik 242 kòd travay la mande MAST pou aji kòm sadwa. Se poutèt sa, nap denonse devan opinyon piblik nasyonal ak entènasyonal tantativ asasinay sa a. Epi n ap fè tout sa lalwa ba nou kòm rekou pou kalite zak sa yo ki pa diy de sendikalis pa repete ankò. Nap di manb ROHAM ak CNOHA yo, lavi Yannick Etienne ak tout lòt manm SOTA-BO ki nan Multiwear yo ak lòt seksyon sendikal nou yo nan men atoufè sa yo. Nou mande leta pran responsabilite li.

**ABA SENDIKA ABOLOTCHO EPI KI EGRI KI KONPRANN YO KA TWONPE VIJILANS OUVRIYE YO AK SENDIKALIS KONSEKAN!!! VIV YON MOUVMAN SENDIKA KREDIB, SERYE AK KONBATIF.**

Pou SOTA-BO,

  
Telemarque PIERRE  
Kòdonatè jeneral



  
Hilaire Jn JACQUES  
Sekretè Rapò ak lòt Òganizasyon